

# Aplike pou Asistans FEMA anvan 13 fevriye pou pèt siklòn Nicole te koze

---

Release Date: Janvye 30, 2023

**LAKE MARY, Fla.** — Pa tann pou w aplike pou asistans federal pou katastwòf. Dat limit la se de semèn ale.

Si rezidans prensipal ou a nan konte Brevard, Flagler, Lake, Putnam, St. Johns oswa Volusia epi ou te gen domaj nan pwopriyete siklòn Nicole ki te koze, soumèt aplikasyon pou asistans pou katastwòf FEMA ou anvan Lendi 13 fevriye 2023.

Depi w aplike pou asistans FEMA pou katastwòf, yo ka refere w bay SBA. SBA ofri prè pou katastwòf ak enterè ki ba pou biznis, pwopriyetè kay ak lokatè. Pa gen okenn obligasyon pou aksepte yon prè, men ou ka rate pi gwo sous lajan federal pou rekiperasyon dezas si ou pa aplike.

Ou ka kreye epi soumèt aplikasyon FEMA w nan nenpòt ki fason:

- Rele Liy Èd FEMA nan **800-621-3362**. Liy Èd la disponib chak jou soti **7 a.m. rive 11 p.m. ET**. Èd disponib nan pifò lang.
- Ale sou Entènèt sou [DisasterAssistance.gov](https://DisasterAssistance.gov) epi klike sou ikòn ble “Aplike sou Entènèt”.
- Telechaje gratis aplikasyon mobil [mobile app](#) FEMA pou smatfòn.
- Vizite yon Sant Sekou pou Dezas (DRC). Plizyè DRC ap fonksyone nan tout konte Nicole domaje yo. Pou jwenn youn tou pre w, ale sou Entènèt: [DRC Locator](#) oswa [floridadisaster.org](https://floridadisaster.org) oswa voye tèks “DRC” ansanm ak kòd postal ou a nan 43362.

Si w kalifye, asistans pou katastwòf FEMA ka gen ladan asistans finansye, tankou asistans pou lokasyon oswa ranbousman pou depans otèl, pou lojman tanporè pandan w pa kapab abite nan kay prensipal ou a; lajan pou pwopriyetè kay pou ede repare oswa ranplase domaj oswa pèt katastwòf ki te koze nan rezidans prensipal ou a, ki gen ladan wout aksè prive yo, tankou antre kay, wout, oswa pon; ak lajan pou depans dezas ki te koze ak bezwen grav, tankou reparasyon oswa ranplasman pwopriyete pèsonèl ak machin, lajan pou demenaje ak depo,



**FEMA**

Page 1 of 2

medikal, dantè, gadri ak lòt atik divès ki te apwouve davans.

Lè w kenbe enfòmasyon kontak ou yo aktyèl, sa ede FEMA trete aplikasyon w lan. Ajans lan ka bezwen rele pou pran yon randevou pou yon enspeksyon kay oswa jwenn plis enfòmasyon nan men ou pou avanse aplikasyon w lan.

Pou anpil moun, asirans ka kouvri domaj ak pèt. Sa pa menm ak asistans FEMA. Finansman nou an gen entansyon kouvri bezwen debaz pou moun ki pa gen asirans oswa ki manke asirans adekwa pou kouvri nesesite debaz apre yo fin soufri domaj ak pèt nan yon dezas tankou Siklòn Nicole.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florid apre siklòn lan ak Nicole, vizite [floridadisaster.org/info](http://floridadisaster.org/info) ak [fema.gov](http://fema.gov). Swiv [FEMA Region 4 \(@femaregion4\)](#) / Twitter aknan [facebook.com/fema](https://facebook.com/fema).



**FEMA**

Page 2 of 2